


*Tèmomèt
Amèki ak
Lasante
Fanmi ou*

Geri Kay lan





Tèmomèt Amèki ak Lasante Fanmi ou

Lè yon moun nan fanmi an malad, nou gade pou nou wè si li gen lafyèv. Tèmomèt se yonn nan pwemye bagay ou bezwen lè yon moun pa santi l byen. Men, sa ki etranj, sè ke jan de tèmomèt lafyèv ou genyen lakay ou an kapab danje pou sante fanmi ou ak kominote an.

Lamajorite manman ak papa, lè yo te timoun, se tèmomèt amèki ki te gen lakay yo. Li fasil pou rekonèt tèmomèt amèki. Tèmomèt amèki fèt an

vè, yo menm gwosè a yon chalimo, epi gen yon likid gri anndan yo. Likid sa a se mèki. Byenke mèki se yon bagay ki itil pou mezire, se yon pwodui ki kap danjere pou moun ak bèt sovaj.


Mèki afekte sèvo moun, kolòn vètebral, ren ak fwa moun. Sa afekte kapasite pou moun gen sansasyon, wè, goute ak pou fè mouvman. Li kapab lakòz sansasyon nan



dwèt yo ak zòtèy yo, ak yon pèt de sansibilite arebò bouch ou ak vizyon ki vin tankou tinèl. Si ou pase anpil tan kote ki gen mèki, sa kapab lakòz yon seri de efè nan oumenm ki vin pi mal epi fè pèsonalite ou chanje, fè ou gaga epi mete ou nan koma. Bèt sovaj, deja montre move efè mèki nan yo. Tèlman genyen kontaminasyon mèki, 40 eta koulye a fè rezidan yo konnen pou yo pa manje yon seri de pwason ki soti nan tout oswa nan kèk rivyè, kouran oswa lak.

Nan fanm ansent, mèki kapab pase nan manman vant epi fè efè sou devlopman timoun lan, li anpeche sèvo ak aparèy nè li devlope nòmalman. Timoun ki afekte de

sa, montre mwens entelijans, yo pa byen tande epi yo pa gen bonjan koòdinasyon. Yo ka yon tijan anreta pou yo mache e pou pale. Akòz de efè sa yo ki ka pase a timoun lan nan vant manman an, gouvènman etazini konseye pou fanm ki ansent oswa ki ka vin ansent pou yo pa manje pwason ki kontamine avèk mèki.



Yon Move Tèmomèt Amèki se


Gwo Danje pou Lasante

Anpil kote gen tèmomèt amèki chita nan kazye medikaman yo pou plizyè ane, san ke li pa janm kraze, men sa pa vle di li pap janm kraze. Anpil fwa, manman ak papa yo gen dwa pa netwaye mèki a apre li fin tonbe paske yo pa konnen ke tèmomèt lan kraze, oswa si mèki a koule atè nan yon kote atè ki fele oswa li rantre nan tapi an. Si mèki koule soti nan tèmomèt epi yo pa netwaye li, lap evapore konplètman, sa gen dwa menm

rive a yon nivo ki danjere nan lè a anndan kay lan. Pi gwo danje pou mèki a kontamine se nan yon ti chanm ki pa gen anpil è ki pase ladanl. Menmsi se nenpòt tikal mèki ki tonbe, se pou yo pran sa trè serye.

Leplisouvan, yon tèmomèt lafyèv ki kraze pap yon danje pou lasante ou, men gen de lè, mèki ki nan tèmomèt lan kapab fè gwo domaj pou lasante ou oswa

pou lasante fanmi ou. Sa pa gen twò lontan, te gen kèk ka kote ke jenn timoun te pran pwazon akòz de kontaminasyon mèki ki te koule nan yon tapi. Timoun yo te santi efè tankou denèfle, an chimè, tansyon, pèdi pwa, transpire, pa kapab wè limyè ak solèy ak ekzema. Kèk nan timoun sa yo te bezwen tretman pou plizyè mwa avan yo te vin santi yo byen.



Menmsi se nenpòt tikal mèki toupiti, se pou ou pran sa trè serye.

Ki Pa Twò Chè *Lòt Chwa*



Genyen plizyè lòt tèmomèt ki pa gen mèki nan nenpòt famasi. Lòt tèmomèt ki plis prèske menm jan nan pri e sèvis se tèmomèt dijital ak tèmomèt anvè fèblan galyòm. Tout tèmomèt sa yo kapab sèvi nan bouch, nan dèyè anba zesèl. Lòt chwa tèmomèt ankò se tèmomèt fleksib pou fontèn oswa tèmomèt infrarouj pou zòrèy. Tèmomèt fleksib yo fasil pou sèvi epi yo vit, men yo pa tèlman bay bon rezilta. Dapre Asosyasyon

Medikal Ameriken, sa ki pi enpòtan se pou ou chwazi yon tèmomèt ki fasil pou sèvi epi ki fasil pou li.

Nan ete 1998, Asosyasyon Lopital Ameriken (AHA) te siyen yon antant avèk Ajans Etazini pou Pwoteksyon Ekoloji, yo pran angajman pou yo elimine mèki nan tout dechè lopital. Pou sa kapab reyalize, plizyè lopital ap sispann sèvi ak tèmomèt amèki ansanm ak lòt aparèy ki gen mèki nan yo pezape.

Genyen lòt jan de tèmomèt ki san mèki nan famasi nan katye ou lan.

Se yon bon ekzanp ou ap trase pou lopital yo nan kominote ou lan lè ou sispann sèvi ak mèki ansanm ak lòt aparèy ki gen mèki nan kay ou, Si lopital ou toujou sèvi ak tèmomèt ki gen mèki oswa lòt ekipman ki gen mèki tankou aparèy pou pran tansyon, ba yo yon kopi tiliv sa a epi mande yo pou yo sèvi ak lòt chwa. Nan chak twa konpayi famasi, genyen de nan yo ki pran angajman pou yo sispann vann tèmomèt amèki. Pale avèk famasyen nan katye ou lan pou yo sispann vann tèmomèt amèki nan famasi yo. Eseye distribye tiliv sa a nan nan gadri pou timoun, nan lòt òganizasyon lekòl ak lòt òganizasyon ki pran ka timoun.



Pou Kapab Detri

Tèmomèt Amèki Yo San Ke Ou Pa Kontamine Kominote Ou lan



Touswit ou fin achte yon tèmomèt san mèki, li enpòtan pou ou detri vye tèmomèt lan byen. Pa jete vye tèmomèt amèki an nan fatra. Paske yo boule fatra yo oswa yo m,ete yo nan tè.

Kenpòt kòman, mèki an a ap fè konmtaminasyon, lap pase nan lè oswa nan dlo. Lèfini, mèki sa aap afekte plizyè bagay ki gen vi, moun ladanl tou.

Mennen tèmomèt amèki ou lan kote yo detri bagay danjere. Plizyè eta ak ajans lokal genyen kote sa yo, ki louvri toutan oswa pa sezon. Anjeneral sèvis lan gratis.

Pou plis ransèyman sou detri pwodui danjere, rele ajans ki reskonsab pou kontaminasyon oswa depatman lasante nan katye lakay ou lan, nimewo yo nan pati gouvènman nan liv telefòn yo.

Pa janm jete vye tèmomèt amèki ou yo nan fatra.

Si ou kraze
tèmomèt amèki
ou lan, li enpòtan
pou li netwaye.

Touswit apre mèki a koule, fè tout moun ak tout bèt rete lwen. Pou anpeche mèki a evapore etèn tout aparèy chofaj epi limen èkondisyone a sou fwèt anpil.

Ki te van rantre kote a. Louvri fenèt yo epi si sa posib, kite yo louvri pou omwen de jou.

Pa janm sèvi ak aspiratè pou ou netwaye mèki ki tonbe. Non sèlman mèki an ap kontamine aspiratè a; chalè nan aspiratè a ap fè mèki a evapore epi sa ap vin fè li plis mache nan kay lan. Menmjan tou, pa janm sèvi ak bale pou ou netwaye mèki ki tonbe. Lap fè mèki an rantre nan ti pit bale a, epi lap kontamine bale a.


Kontinye nan lòt paj lan

Chache tout bagay nesèsè mete la

Avan ou eseye fè netwayaj mèki. Sa vle di, prepare gan ou, yon konngout, ak de moso katon, de sache plastik, yon kabare laj oswa yon bwat, papye kolant, yon flach, ak yon bokit bouch laj.

Se pou sonje ke nenpòt zouti ou sèvi pou netwayaj lan, yo kontamine epi pou detri yo ansanm ak mèki an.

Pa manyen mèki an. Retire tout bijou, tout mont ki nan kò ou paske mèki se yon bagay ki kole nan metal. Mete gan, gan plastik pi bon pou anpeche pran kontak ak



mèki an. Sevi ak flach lan pou chache kote mèki an ye. Reyon mèki an ap parèy nan limyè an sa ap fè li pi fasil pou wè yo.

Netwaye mèki ki tonbe a.

Netwayaj lan diferan toudepann de atè.

Sou yon atè ki di

oswa yon tapi ki koud dri, sèvi ak papye ki di pou ou ka pouse ti pwent mèki yo kole ansanm. Sèvi ak konngout lan pou rale ti boul mèki yo, oswa travay sou yon kabare pou ou ka ranmase nenpòt ti sa ki koule, leve ti boul mèki yo ak yon moso papye ki di. Mete mèki an nan yon veso ki gen gwo bouch. Ranmase tout tikal mèki

pou ou pa touche mèki an.

yo avèk papye kolant epi mete papye kolant lan nan yon sache plastik ansanm ak konngout lan, papye di an, ak gan yo. Make fatra mèki sou sache an. Mete sache sa a ansanm ak veso fèmen an nan dezyèm sache an. Make fatra mèki sou li epi rele leta pou detri li.

Sou yon tapi kèlkonk,

koupe pati ki kontamine an, mete li ansanm ak tout bagay ki te sèvi pou fè netwayaj lan nan yon sache plastik. Make fatra mèki sou li epi rele leta pou detri li.

Nan yon lavabo dlo,

mèki ap desann anba. Retire tout kantite dlo posib san

ou pa boulvèse mèki an epi rale mèki an ak konngout lan. Mete li nan yon veso gwo bouch, fèmen li epi pase papye kolant arebò bouchon an. Make fatra mèki sou li epi rele leta pou detri li.

Nan kote pou dlo a desann,

mèki an ap kole nan bouchon lavabo an. Sèvi ak yon kabare, retire bouchon lavabo an epi mete li nan veso gwo bouch lan. fèmen li epi pase papye kolant arebò bouchon an. Make fatra mèki sou li epi rele leta pou detri li. Fèmen bouchon veso an epi pase papye kolant arebò bouchon an. Make fatra mèki sou li epi rele leta pou detri li.

Swen pou Lasante san Danje,

se Kanpay pou Swen pou Lasante san Danje pou Lanati ki pwodui t sa a eki pibliye li. Swen Lasante san Danje se yon kampanye ki genyen plis ke 800 òganizayon ki konsantre sou swen lasante pa gen anyen ki danje pou lanati, yo chache elimine kontaminasyon nan domèn lasante. Kanpay lan travay ak lopital ak lòt sèvis ki ka kontamine nan pwodui yo avèk lòt bagay ki ka kontamine nan domèn lasante.

HealthCare Without Harm
1755 S Street NW, Unit 6B
Washington DC, 20009
p: 202-234-0091 f: 202-234-9121
E-mail: noharm@iatp.org · www.noharm.org



Boston Public Health Commission
Mercury Thermometer Exchange Program
Environmental Health Office
1010 Massachusetts Avenue, 2nd floor
Boston, MA 02118
Phone: 617-534-5966
Fax: 617-534-2372



Thomas M. Menino, Mayor